

Peryòd enskripyon lib nan Medicare



This is an Official U.S. Government Product

Èske w te fè Egzamen anyèl Plan Medicare ou an ?

Peryòd enskripsyon lib nan Medicare

Li demare pi bonè aprezan

15 oktòb – 7 desanm

**CHAK ANE, GEN NOUVO CHWA PLAN SANTE AK ASIRANS POU
MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON.**

Ou ta dwe konsilte kontra asirans sante ak pou medikaman sou preskripsyon ou genyen an pandan chak peryòd otòn.

Poko janm genyen yon moman ki pi favorab pou ale pran enfòmasyon sou asirans Medicare. Gen nouvo benefis ki disponib, ikonpri pri medikaman sou preskripsyon ki redui, vizit pou byennèt ak swen preventif.

ÈSKE PLAN OU GENYEN AN SE YON PLAN KI BON POU W TOUJOU ?

Medicare kapab montre w plan ki genyen nan zòn ou ki gendwa

- ✓ Koute mwen chè
- ✓ Peye pou medikaman ou yo
- ✓ Kite w ale kay founisè ou vle yo, tankou kay doktè w oswa nan famasi ou pito a

Ou kapab benefisyè tou

- ✓ Estimasyon depans w ap dwe peye oumenm
- ✓ Notasyon sou lakanite ak sou sès klyantèl la manm ki enskri nan plan an te bay



*« Medicare ede mwen ekonomize lajan.
Mwen jwenn yon plan ki koute mwen chè e
ki peye pou tout medikamanwe mwen yo. »*

Deside ki plan ki pral satisfè bezwen ou yo pou ane pwochèn. Si w vle chanje plan, rele plan ou pito a. Medicare gendwa ede w enskri — sou Entènèt, an pèsòn, pandan yon evènman y ap òganize nan kominate w oswa nan telefòn.

Sonje, pandan Peryòd enskripsyon lib lan, ou gendwa deside pou w rete nan Original Medicare oswa pou w janbe nan yon Plan Medicare Advantage (tankou yon HMO oswa yon PPO). Si w ap déjà patisipe nan yon Plan Medicare Advantage, ou gendwa itilize Peryòd enskripsyon lib la pou retounen nan Original Medicare.

KAT FASON POU W JWENN ASISTANS OU BEZWEN AN

1. **Al gade nan www.medicare.gov/find-a-plan** pou itilize bouton pou Chèche yon Plan Medicare lan.
2. **Gade nan tiliv la ki rele « Medicare & You » ki pi resan an** pou wè lis tout plan ki genyen nan zòn ou. Ou ta dwe revwa tou tout enfòmasyon plan aktyèl ou ta voye w, ikonpri lèt ki genyen Avi sou chanjman anyèl la.
3. **Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, e di « Ajan ». Gen asistans ki disponib 24è sou 24, ikonpri nan wikenn. Si w bezwen asistans nan yon lang ki pa ni Angle ni Panyòl, di reprezantan sèvis klyantèl la nan k ilang ou bezwen asistans. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048.
4. **Chèche benefisyè yon sesyon oryantasyon pèsonalize sou asirans sante;** pou sa, rele Pwogram Asistans pou Asirans sante Eta w (SHIP). Pou kapab jwenn nimewo telefòn pou SHIP la nan Eta w, al gade nan www.medicare.gov/contacts, oswa rele nan 1-800-MEDICARE.

PA BLIYE, PLAN MEDICARE YO GENDWA CHANJE CHAK ANE

DAT MEDICARE KI ENPÒTAN

Septanm ak oktòb — Egzamine ak konpare

Revize : Plan an te petèt chanje. Revize tout avi plan ou te voye konsènan chanjman pou ane pwochèn.

Konpare : Nan mwa oktòb, itilize zouti Medicare yo pou jwenn yon plan ki satisfè bezwen ou yo.

15 oktòb — Peryòd enskripsyon lib la ap kòmanse...Li demare pi bonè koulye an !

Se sèl moman nan ane a lè TOUT moun ki gen Medicare gendwa fè chanjman nan plan sante ak medikaman sou preskripsyon yo pou ane pwochèn.

Deside : 15 oktòb se premye jou kote w kapab chanje kontra Medicare ou pou ane pwochèn.

7 desanm — Peryòd enskripsyon lib la fini

Nan pifò ka yo, 7 desanm se dènye jou ou kapab canje asirans Medicare ou pou ane pwochèn la. Plan an dwe resevwa demann enskripsyon (aplikasyon) ou jou 7 desanm oplita.

1ye janvye — Asirans la ap kòmanse

Nouvo asirans ou ap kòmanse si ou te pran yon nou plan. Si w rete ak menm plan an, kèlkeswa chanjman ou te fè nan plan ou, nan benefis oswa nan depans ou yo pou nouvo ane an pral kòmanse aplike 1ye janvye.

Kijan pou fè chanjman nan asirans ou apre 1ye janvye

Ant 1ye janvye ak 14 fevriye, si w ap patisipe nan yon plan Medicare Advantage (tankou yon HMO oswa yon PPO), ou gendwa kite plan ou e ale nan Original Medicare la. Si w deside janbe nan Original Medicare pandan peryòd sa a, w ap gen jiska 14 fevriye pou enskri w tou nan yon Plan pou Medikaman sou preskripsyon Medicare pou ajoute yon asirans pou medikaman. Asirans ou ap kòmanse premye jou nan mwa a apre plan an resevwa fòm demann aplikasyon an.

www.medicare.gov

1-800-MEDICARE

(1-800-633-4227)

Moun ki malantandan ta dwe
rele nan 1-877-486-2048

**ÈSKE W BEZWEN PLIS ASISTANS POU PEYE
POU ASIRANS POU MEDIKAMAN SOU
PRESKRIPSYON OU ?**

Si w gen revni ak resous ki limite, ou gendwa kalifye pou yon « Asistans adisyonèl » pou peye fakti medikaman sou preskripsyon ou yo. Al gade nan www.socialsecurity.gov/i1020 pou kapab aplike sou Entènèt. Oswa rele Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 e mande pou fòm SSA-i1020. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-800-325-0778.



Produi CMS nimewo 11220-HC (Haitian Creole)
Revizyon an septanm 2011